

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, biografi singget panyanggi jeung pangarang rumpaka, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan. Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun maham fenoména atawa kajadian anu kaalaman ku subyéék panalungtikan, misalna palaku, persepsi, motivasi, tindakan, jrrd, ku cara dideskripsikeun kana wangun kekecapan atawa basa dina hiji konteks husus anu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moleong, 2012, kc. 6). Salian ti éta, Denzin jeung Lincoln (dina Anggito, 2018, kc. 7) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu ngagunakeun latar alamiah kalawan maksud napsirkeun pénoména nu kajadian jeung dilakukeun kucara ngalibetkeun rupa-rupa métode nu aya.


Métode panalungtikan mangrupa salasahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 203). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif analisis. Nazir (1985, kc. 84) nétélakeun yén métode deskriptif nyaéta métode néangan fakta kalawan interprétasi nu luyu, sabab métode déskriptif mangrupa métode nu miboga udagan pikeun nyieun gambaran ngeunaan kaayaan atawa kagiatan. Ieu pamadegan saluyu jeung anu ditétélakeun ku Fathoni (2006, kc. 99) yén métode deskriptif nyaéta métode anu miboga udagan pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan. Sedengkeun, anu disebut métode déskriptif analisis nyaéta métode nu ngagambarkeun kaayaan nu keur lumangsung nalika panalungtikan dilakukeun nu dumasar kana fakta nu aya (Arikunto, 1998, kc. 309).

Dumasar kana métode anu dipilih, udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun struktur, sarta étnopédagogik tina objék panalungtikan anu mangrupa rumpaka kawih album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.

3.1 Desain Panalungtikan

Anu dimaksud desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang jeung prak-prakana panalungtikan nepi ka patalékan anu aya bisa kajawab. Nurutkeun Sukardi (2004, kc. 184) desain panalungtikan minangka hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data, nepi ka ngahasilkeun data nu hadé. désain panalungtikan miboga udagan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan, nu dimimitian ku (1) nangtukeun masalah, (2) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, (3) talaah pustaka, (4) ngumpulkeun data, (5) ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar pamarekan anu digunakeun, jeung (6) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

Bagan 3.1 ngandung ma'na yén ieu panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah, ngumpulkeun data ku cara wawancara kalayan instrumén datana nyaéta kartu data jeung padoman wawancara. Satuluyna, data dianalisis ngagunakeun ulikan struktural jeung étnopédagogik, laju ngadéskripsikeun data, kalawan dipungkas ku nyieun kacindekan.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék data nu dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Data dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*. Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta téks karya sastra anu mangrupa rumpaka kawih jeung panyanggi sarta pangarang rumpakana. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas albumna.

Judul Album	: Kawih Asuh Barudak <i>Cita-Cita</i>
Panyanggi	: Ubun R. Kubarsah
Pangarang Rumpaka	: Dian Hendrayana
Panata Musik	: Yadi Cahyadi
Juru Kawih	: Rita Tila, Dini Andrianti, Ujang Supriatna, Tedi Sudiarto
Produksi	: Dasentra



Gambar 3.1 Buku Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*



Gambar 3.2 Album CD Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*

Dina Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* dimuat ku 12 (dua belas) judul kawih nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

Tabél 3.1

Data Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*

No.	Judul Kawih	Panyanggi	Pangarang Rumpaka	Kode Rumpaka
1.	Cita-Cita	Ubun Kubarsah	Ubun Kubarsah	KAB/01
2.	Basa Sunda	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/02
3.	Jalan Layang	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/03
4.	Pelesiran	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/04
5.	Ciayumajakuning	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/05
6.	Waditra	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/06
7.	Jabodetabek	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/07
8.	Katumbiri	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/08
9.	Wisata Budaya	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/09
10.	Hujan Turun	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/10
11.	Du'a Indung Bapa	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/11
12.	Internetan	Ubun Kubarsah	Dian Hendrayana	KAB/12

Lian ti éta, ieu di handap diguar ogé ngeunaan biografi panyanggi jeung pangarang rumpaka Kawih Asuh Barudak Album *Cita-Cita*, nyaéta Ubun R. Kubarsah jeung Dian Hendrayana.

1) Ubun R. Kubarsah

Lahir di lingkungan kulawarga nu mikaresep kana seni budaya nu kuat, utamana seni tradisi Sunda, ngabalukarkeun Ubun pikeun nekunan kana seni vokal Sunda. Sahingga Ubun mampu pikeun ngarévitalisasi kurang leuwih 125 matéri lagu klasik tembang Sunda ngaliwatan garapan rekaman carita pantun *Lutung Kasarung*, nu ditembangkeun ku para pinunjul Tembang Cianjuran DAMAS (Daya Mahasiswa Sunda) dina taun 1980.

Kréativitas Ubun katémbong nyongcolang nalika nyipta karya “Sekar Anyar” nu suksés nambahan konsép anyar dina hasanah vokal Sunda. Dina lalampahan karirna, ubun nyipta karya penting dina hasanah seni, nyaéta karya inovatif Tembang Sunda Bandungan nu kapilih ngawakilan musik tradisi Indonésia ku UNESCO di Paris, Prancis taun 2006. Sababaraha urang pangamat budaya nganiléy Bandungan minangka salasahiji karya puncak tina kréativitas Ubun Kubarsah, sanggeus ngaliwatan lalampahan panjang dina nyieun karya. Lian ti éta, Ubun ogé ngagagas pagelaran-pagelaran penting lianna saperti musik orkestra “Kacapi Patreman” jeung kolaborasi jeung komposér musik Zither India. Di sisi lianna, ubun ogé nyipta kamekaran pakakas-pakakas musik perkusi tradisional nu dijieun tina tambaga jeung ngajadi hiji *ensemble* musik perkusi Marakdungga.

Karya puncak Ubun dimimitian ti taun 1994. Ubun ngamekarkeun gending karesmén jadi wangun symphoni téatrikal atawa opera Sunda kalawan téma Legénda Jawa Barat jeung étos kapahlawanan, di antarana nyaéta “Mahawita Tatar Sunda”, “Sri Baduga Maharaja Siliwangi”, Sunda Pusaka Bangsa”, “Jurit Bhakti Divisi Siliwangi”, “Bersatu Indonesiaku”, “Opera Citraresmu Poetri Sunda-Palagan Bubab”, sarta opera nu ngangkat téma islami, saperti “Singa Sahara” nu gawé bareng jeung Universita Padjajaran Bandung. Komitmena kana dunya atikan, hususna atikan budak, Ubun ngawujudkeun ngaliwatan Gerakan Budaya Asuh anu mangrupa gagasan seni pikeun ngawanohkeun kaarifan budaya lokal minangka bagian tina atikan karakter bangsa. Pikeun éta, Ubun ngakréasi lalaguan barudak

maké basa daérah (Sunda) kalawan ngakolaborasikeun jeung musik-musik étnik Nusantara.

Ubun nyiptakeun palagan diajar seni vokal Sunda Kawih Asuh Barudak kalawan téma atikan. Ubun nyipta ieu karya ditujukeun pikeun siswa SD jeung SMP. Kiwari, Ubun jeung tim Dasentra ngarancang kréasi lalaguan barudak dina wangun rekaman Seni Vokal Langgam Batawi. Ubun, nu lahir di Bandung 18 Maret 1953, kalawan rujukan kinerja Konservasi, Inovasi, Edukasi, Budaya Nusantara, Ubun ngadegkeun komunitas seniman DASENTRA (Daya Seni Tradisi Sunda) nu dipupuhuan ku Ubun sorangan nepi kiwari. (*Dicutat tina Buku “Cita-Cita: Kawih Asuh Barudak” kc. 26*).

2) Dian Hendrayana

Kapanulisan Dian Hendrayana, geus dimimitian nalika anjeunna kuliah di Jurusan Bahasa Daerah Fakultas Sastra Unpad taun 90-an. Dian jeung batur kuliahan milu aktif ancrub fina kelompok Studi Budaya Sunda RAWAYAN, anu mangrupa hiji lembaga non formal di lingkungan mahasiswa nu ngahususkeun dirina pikeun nekunan prosés kreatif kasusastraan jeung kabudayaan.

Tulisana dina basa Sunda jeung Indonésia sumebar di majalah *Manglé, Galura, Cupumanik, KOMPAS, Tribun Jabar, Pikiran Rakyat, Suara Rakyat, Pembaruan, Bisnis Indonesia*, utamana karya anu mangrupa carpon, puisi, jeung ésséy. Sababaraha karyana kungsi dilélér pangajén sastra, utamana ti LBSS. Carpon nu judulna “Serta Bimbang” nu dimuat ku Bandung POS meunang pangajén ti Déwan Kasenian Jakarta minangka dua puluh carpon panghadéna nu dimuat di média citak Indonésia taun 1999. Naskah dramana “Génjlong Karaton” jadi pinunjul ka tilu dina saémbara ngarang naskah drama basa Sunda taun 2009.

Lian ti aktip nulis, Dian aktip dina sababaraha organisasi saperti DAMAS, LBSS, PPSS, Pangauban Kawih Sunda, Paguyuban Tembang Sunda, sarta Caraka Sundanologi. Lian ti éta Dina ogé kungsi aktif dina Studiklub Teater Bandung ti taun 1997.

Ti mimiti taun 2004, Dian aktip ilubiung dina kagiatan Dasentra nu dipupuhuan ku Ubun R. Kubarsah. Di dinya, Dian leuwih loba kalibet diskusi sabudeureun tembang Cianjuran, kawih Sunda, sarta pasualan seni tradisi sacara umum. Di Dasentra Dian ngamekarkeun kamampuh nulisna kaasup nulis sababaraha rumpaka

pikeun kaperluan Sekar Anyar, nyaéta wangun anyar langgam gaya Cianjuran. Sarta tina éta matéri Sekar Anyar, Dan nganggeuskeun tésisna pikeun nyangking gelar Magister dina program studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda di Sakola Pascasarjana UPI Bandung.

Nepi ka kiwari, Dian nu gumelar di Subang 25 Pébruari 1971, gawé minangka wartawan di Bandung TV jeung Majalah Manglé, sarta ngajarb di Jurusan Pendidikan Basa Sunda UPI Bandung. (*Dicutat tina Buku “Cita-Cita: Kawih Asuh Barudak”* kc. 25).

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung wawancara. Talaah pustaka mangrupa sagala usaha nu dilakukeun ku panlalungtik pikeun nyangking sagala rupa informasi nu relevan jeung masalah nu rék atawa keur ditslungtik. Éta infromasi bisa dicangking tina sumber-sumber tinulis boh nu dicitak atawa dina elektronik. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 85) téhnik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah eusi téks nu aya patalina jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.

Léngkah-léngkah nu baris ditempuh dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ngaidéntifikasi masalah.
- 2) Ngarumuskeun masalah.
- 3) Néangan objék panalungtikan.
- 4) Maca objék/ sumber panalungtikan.
- 5) Nganalisis struktur Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 6) Nganalisis étnopédagogik dina Rumpaka album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 7) Wawancara.
- 8) Ngadéskripsikeun data.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis. Ngaliwatan téhnik analisis, dipiharep analisis struktur jeung étnopédagogik nu nyampak dina rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* bisa didéskripsikeun kalawan jéntré. Dina ieu panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nganalisis struktur rumpaka dina rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 2) Ngainterprétasi data hasil analisis struktur.
- 3) Nganalisis étnopédagogik anu nyampak dina rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 4) Ngainterprétasi data hasil analisis étnopédagogik.
- 5) Ngadéskripsikeun sarta ngainterprétasikeun hasil wawancara
- 6) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktur, kontéks penuturan, prosés penciptaan, fungsi sarta harti, jeung étnopédagogik.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah data, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 150) instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta :

1) Kartu Analisis Data

Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina prosés nganalisis datana. Kartu data baris digambarkeun saperti ieu di handap.

a) Kartu Analisis Data Struktur Rumpaka

Tabél 3.2

Kartu Analisis Data Struktur Rumpaka

STRUKTUR RUMPAKA	
Imaji	:
Simbul	:
Musikalitas	:
Suasana	:
Téma	:
Gaya Basa	:

b) **Kartu Analisis Data Aspék Étnopédagogik**

Tabél 3.3

Kartu Analisis Data Atikan Karakter dina Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*

No	Ajén Atikan	Pada ka-	Judul Lagu	Cutatan Pada/ Padalisan	Sipat Ajén Atikan	
					(+)	(-)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

2) Wawancara

Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik wawancara. Ieu dihandap mangrupa padoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

a) Padoman Wawancara Rumpaka Kawih Asuh Barudak

Tabél 3.4


Pedoman Wawancara pikeun Panyanggi

PEDOMAN WAWANCARA
1) Naon anu jadi kasang tukang atanapi gagasan mimiti, Bapa ngadamel atanapi nyanggi Kawih Asuh Barudak?
2) Naon waé rarancang anu ditataharkeun ku Bapa saméméh nyanggi Kawih Asuh Barudak?
3) Dina prosés penciptaanana, naha anu dijieun téh lagunana heula atanapi rumpakana heula?
4) Ningali kana eusi buku kumpulan rumpaka, éta didominasi ku rumpaka kening Pa Dian Hendrayana. Naon Sababna? Ogé naon kaistiméwaannana?
5) Kumaha cara ngaékspresikeun kawih asuh barudak?

Tabél 3.5
Pedoman Wawancara pikeun Pangarang

PEDOMAN WAWANCARA
<ol style="list-style-type: none"> 1) Prosés naon anu dilakukeun ku Bapa dina ngarang rumpaka Kawih Asuh Barudak? 2) Dina prosés penciptaanana, naha anu dijieun téh lagu atawa notasina heula atanapi rumpakana heula? 3) Metoda atawa téhnik naon waé anu digunakeun dina nyusun Kawih Asuh Barudak? 4) Kumaha cara ngaékspresikeun kawih asuh barudak?

Tabél 3.6
Data Informan Panyanggi

DATA INFORMAN

<p>Wasta : Ubun R. Kubarsah Umur : 68 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Pegawai Swasta/ Seniman Atikan : S1 STIE Inaba Basa nu dipaké Sapopoé : Basa Sunda Padumukan : Jl. Pasir Salam Asri B4 Bandung</p>

Tabél 3.7
Data Informan Pangarang

DATA INFORMAN

<p>Wasta : Dian Hendrayana Umur : 50 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Dosén/ Jurnalis/ Sastrawan Atikan : S1 Sastra UNPAD, S2 Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda UPI Basa nu dipaké Sapopoé : Basa Sunda Padumukan : Komplek GBI Blok K11 No. 18 RT 13 RW 08 Desa Buah Batu Kec. Bojong Soang Kab. Bandung</p>